**दिन—मंगलवार** **दिनांक—10.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बिहार विधान परिषदक तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक उपचुनाव मे निर्दलीय प्रत्याशी वंशीधर ब्रजवासी विजयी भेलाह। दोसर स्थान पर जनसुराजक विनायक गौतम रहलाह। जखनकि तेसर स्थान राजदक गोपीकिशन के भेटलनि। जदयूक अभिषेक झा चारिम स्थान पर रहलाह। श्री ब्रजवासी भोटक गिनती मे शुरू सँ अंत धरि बढ़त बनौने रहलाह।

---

राष्ट्रीय जनता दलक अध्यक्ष लालू प्रसाद कहलनि अछि जे तृणमूल कांग्रेसक अध्यक्ष आ पश्चिम बंगालक मुख्यमंत्री ममता बनर्जी के इंडिया गठबंधनक नेता चुनल जयबाक चाही। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री प्रसाद कहलनि जे एहि विषय पर कांग्रेसक विरोधक कोनो मतलब नहि अछि।

---

दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर कहलनि अछि जे दरभंगा मे मनरेगा सँ निर्मित अमृत सरोवर सहित आनो योजनाक जाँच केन्द्रीय टीम द्वारा कयल जायत। श्री ठाकुर लोकसभा मे ग्रामीण विकास विभाग मंत्रालयक विभागीय मंत्री द्वारा देल गेल उत्तर केर आलोक मे ई जनतब देलनि।

---

केन्द्र सरकार गाम सभ के खुलल मे शौच सँ मुक्त बनेबाक लेल स्वच्छ भारत मिशन—ग्रामीणक अंतर्गत एहि वर्ष नवम्बर मास धरि एक हजार आठ सय उनहत्तरि करोड़ टाका सँ बेसी राशि जारी कयलक अछि। लोकसभा मे एक अतारांकित प्रश्नक उत्तर मे

ग्रामीण विकास मंत्रालय ई जनतब देलक। मंत्रालय कहलक जे मनरेगाक अंतर्गत एखन धरि छप्पन लाख सँ बेसी व्यक्तिगत शौचालय, करीब एक लाख चालीस हजार विद्यालय आ आंगनबाड़ी शौचालय तथा चौसठि हजार सामुदायिक स्वच्छता परिसर बनाओल गेल अछि।

———————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग कहलक अछि जे सत्तरिम संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा मे चारि लाख तिरासी हजार अभ्यर्थी के सम्मिलित हेबाक संभावना अछि। आयोगक अध्यक्ष परमार रवि मनुभाई जनौलनि जे परीक्षा लेल प्रदेश मे नओ सय पच्चीस केन्द्र बनाओल गेल अछि। एहि केन्द्र सभ पर त्रिस्तरीय सुरक्षा व्यवस्था रहत। ओ जनौलनि जे परीक्षा केन्द्र पर तीस हजार सँ बेसी सीसीटीवी कैमरा लगाओल जा रहल अछि। सभ केन्द्र पर जैमर लगाओल गेल अछि। अभ्यर्थीक बायोमीट्रिक उपस्थिति दर्ज होयत। आयोगक अध्यक्ष कहलनि जे परीक्षा के लऽकऽ कोनो प्रकारक अफवाह करयवला पर विधिसम्मत कार्रवाई कयल जायत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना समाहरणालयक नव भवनक उद्‌घाटन कयलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ भवन निर्माण विभागक मंत्री जयंतराज सेहो उपस्थित छलाह। अत्याधुनिक सुविधा सँ युक्त एहि भवन मे उनचालीस विभागक कार्यालय एक संग काज करत। समाहरणालय भवन मे चारि सय सँ बेसी वाहनक पार्किंग सुविधा उपलब्ध होयत।

———————————————————————

आइ अंतर्राष्ट्रीय मानवाधिकार दिवस अछि। प्रतिवर्ष दस दिसम्बर के मानवाधिकारक संबंध मे संयुक्त राष्ट्रक घोषणाक स्मरण मे मानवाधिकार दिवस मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर मिथिलांचल समेत प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मानवाधिकार दिवस पर अपन संदेश मे कहलनि जे राज्य सरकार मानवाधिकारक संरक्षण आ संवर्धन लेल दृढ़ संकल्पित अछि।

———————————————————————

केन्द्र सरकार मीडियाक ओहि संवाद के खंडन कयलक अछि, जाहि मे कहल जा रहल अछि जे भारतीय रिजर्वं बैंक दू बैंक मे खाता राखय पर जुर्मानाक प्रावधान कयलक अछि। पत्र सूचना कार्यालयक फैक्ट चेक इकाई एहि संवाद के निराधार जनबैत कहलक जे आरबीआई एहन कोनो दिशा निर्देश नहि जारी कयलक अछि।

————————————————————————

रेल मंत्रालय सहरसा रेलवे स्टेशन पर चारि नव प्लेटफार्मक निर्माण सहित आनो विकासक काज लेल एक सय अंठावन करोड़ टाकाक स्वीकृति प्रदान कयलक अछि। एकर अंतर्गत नव प्लेटफार्मक निर्माण, स्टेबलिंग लाइन सहित यार्डक विस्तार कयल जायत।

————————————————————————

आगामी बाईस दिसम्बर के असम केर गुवाहाटी मे मिथिला विभूति स्मृति पर्व समारोहक आयोजन कयल जायत। मिथिला समन्वय सांस्कृतिक समिति द्वारा आयोजित एहि कार्यक्रम मे मैथिलीक कतेको विद्वान लोकनि के विभिन्न सम्मान सँ सम्मानित कयल जायत। एकर अतिरिक्त एक्कैस दिसम्बर के मैथिली कथा गोष्ठी कथा—कामाख्याक आयोजन सेहो कयल जायत।

————————————————————————

पछवा हवाक गति तेज होयबा सँ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे ठंढ़ा मे वृद्धि भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला दू दिन मे न्यूनतम तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस कम हेबाक संभावना अछि। काल्हि सवेरे प्रदेशक उत्तर—पूर्वी भाग मे घनगर कुहेस लागल रहत। प्रदेशक शेष क्षेत्र मे मध्यम स्तरक कुहेस लागत। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा मे नओ दशमलव छओ डिग्री सेल्सियसक संग डेहरी प्रदेशक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल।

————————————————————————

समाप्त